

# GWO CHANTYE GOUVÈNMAN AN

## ANÈKS LÈT KADRAJ PWOJÈ BIDJÈ 2024-2025 LAN

### CHANTYE # 1: SEKIRITE PIBLIK NASYONAL

#### Objektif : ranfòse sekirite pou bay peyi a establi

#### 1. Reparasyon komisarya ak pòs polis nan zòn vyolans lan sakaje yo

Nou prevwa fè jefò nan bidjè a pou fè komisarya ak pòs polis yo vin tou nèf. Konstriksyon sa yo dwe reponn ak bezwen anplwaye yo ak jistisyab yo yon fason pou yo santi yo an sekirite, pou yo jwenn bon rezilta k ap dire sitou nan zòn difisil yo, sa vle di katye ki sibi plis vyolans yo. Konstriksyon sa yo dwe ka reziste devan katastwòf tout kalite. Yo dwe gen bon ekipman yon fason pou ka reponn lè gen aksyon rapid k ap fèt, san deranje sekirite pèsonn.

#### 2. Ogmante kantite moun k ap travay nan Lapolis ak nan Lame

Pou nou ka kwape pwoblèm ensekirite a, n ap rekrite epi kontinye fòme ajan Lapolis yo ak pèsonèl fòs lame a. Ap gen fòmasyon espesyal pou montre moun yo jan pou yo jere kriz, goumen kont teworis, mete lòd lè gen ijans, gen konpetans pou yo fè entèvansyon nan zòn ki gen konfli yo. Bidjè sa a dwe pèmèt konstriksyon ki adapte pou fòme ajan yo avèk bon jan enstalasyon. Nou prevwa tou kreye yon fon pou soutni sekirite a. Fon sa a ap pèmèt gen plis resous pou fòs lòd yo.

#### 3. Achte materyèl pou sekirite

Nou prevwa mete kòb nan bidjè a pou achte ekipman ki modèn, tankou machin blende, dwon, materyèl pou siveyans, ekipman pou powteksyon pèsonèl, ak lòt zam ki pa zam fann fwa pou met lòd nan dezòd. Yon plan pou reparasyon ekipman sa yo ap pèmèt materyèl sa yo dire pi lontan.

#### 4. Batay kont krim òganize

Nan Lapolis la gen anpil inite espesyal ki la pou batay anfas rezo gang yo ak moun kap fè trafik ilegal yo. Nou prevwa bay inite sa yo plis mwayen pou yo bay pi bon rezilta; mwayen sa yo ap pèmèt inite sa yo mennen bon jan ankèt, itilize gwo teknoloji pou ranmase enfòmasyon sou zak kriminel yo epi kouri dèyè òganizasyon k ap jere dosye kriminel yo. Ap gen yon montan enpòtan nan bidjè a pou kwape tout moun ki nan trafik zam, dwòg ak komès moun.

2

- 5. Mete pi bon kondisyon travay pou polisye ak solda yo**  
Pou fòs sekirite yo bay bon sèvis, fòk yo byen nan po yo. Se pou sa n ap mete mwayen nan bidjè a pou ajiste salè, gen pi bon asirans sante, mete sou pye yon pwogram pou akonpaye mantal anplwaye yo. Nou prevwa ankouraje ajan ki nan zòn ki bay plis danje yo yon fason pou yo pa dekouraje nan travay y ap fè yo.
- 6. Mete sou pye òganizasyon k ap travay sou sekirite nan komin yo**  
Batay kont ensekirite a konsène komin yo nan premye plan. Bidjè a ap prevwa mwayen pou **Konsèy sou sekirite nan komin yo**, ki dwe gen ladan, otorite lokal, manm fòs lòd yo ak reprezantan sosyete sivil yo. Dyòb komite sa yo se ranfòse kapasite pou nou anpeche vyolans, wè aklè kote menas yo ap soti, òganize aktivite ki gen pou wè ak sekirite nan tèt kole ak otorite nasyonal yo, yon fason pou ka bay bon jan repons sou teren an.
- 7. Ranfòse kolaborasyon nou ak patnè etranje yo sou sa ki gen pou wè ak sekirite**  
Fòk gen angajman ki pran ak patnè etranje yo sou sa ki gen pou wè ak sekirite. Bidjè a ap soutni tout pwogram fòmasyon ak lòt peyi ki nan antouraj nou yo, òganizasyon entènasyonal, tankou Oganizasyon Nasyonzini, INTERPOL, menm jan ak tou lòt peyi etranje. Sa vle di tou, n ap ka pataje enfòmasyon epi resevwa sipò ak materyèl pou nou goumen kont krim k ap fèt sou plizyè peyi anmenm tan.
- 8. Devlope yon kad pou pwoteje popilasyon an**  
Nou dwe fè plis jefò pou sekirite peyi a, san nou pa neglije pati ki konsène dwa moun yo. Nou prevwa mete kòb nan bidjè a pou fòme Ajan fòs lòd yo sou kesyon dwa moun ak kòman pou jere sitiyasyon kriz yo. Se pou sa n ap mete yon sistèm k ap pèmèt moun ki nan kondisyon pi fèb yo kapab pote plent sizanka yo ta fè yo abi.
- 9. Enfòmatisize epi modènize sistèm sekirite a**  
Nou pa ka mete sou kote modènizasyon enfòmatisik si nou vle jan nou ap jere sekirite a bay rezilta. Bidjè a ap prevwa bon jan resous pou enfòmatisize aksyon sekirite yo, tankou, sistèm kamera siveyans, Baz done ki konekte youn ak lòt pou nou ka sènen delenkan yo epi jwenn pi bon mwayen pou inite yo sèvi ak teknoloji ki alamòd pou yo kominike youn ak lòt.
- 10. Ranfòse konstriksyon lajistis yo pou bay sekirite a jarèt**  
Aktivite pou bay sekirite ak aktivite pou bay lajistis dwe mache men nan men si nou vle jwenn bon rezilta. Dwe gen kredi nan bidjè a pou fè pwosesis pou jije kriminèl yo ale pi vit, diminye kantite tan moun yo pase nan prizon anvan yo jije epi fè kondisyon

prizonnye yo ap viv la vin miyò pandan y ap kontwole kantite prizyonnye yo pou evite abse sou klou nan sa ki gen pou wè ak sekirite.

Li enpòtan pou nou bay finansman aktivite sa yo priyorite paske se yo ki baz pou sektè ekonomik ak sosyal yo reprann souf. Objektif nou se retabli sekirite a ki se sèl kondisyon pou peyi a gen yon chanjman ki djanm.

## **CHANTYE # 2 : REMETE EKONOMI AN SOU RAY EPI REPRANN TRAVAY REKONSTRIKSYON PEYI A**

### **Objektif : Relanse ekonomi an epi amelyore konstrikasyon ki pi enpòtan yo**

Pou nou relanse ekonomi an, fòk nou fè investisman ki byen reflechi, ki pi enpòtan anmenm tan tou n ap fè refòm ekonomik pou bay pwodiksyon nasyonal la jarèt epi kreye dyòb ki gen nen nan figi yo. Fòk resous yo itilize yon fason pou ekonomi an vanse, fòk li rezistan epi fòk li fèt avèk e pou tout moun. Ekzekisyon bidjè a dwe respekte priyorite ki te prevwa yo.

#### **1. Repare konstrikasyon ki ijan yo**

Pou ekonomi an reprann fòm kò li, fòk nou kòmanse repara konstrikasyon ki pi ijan yo, n ap pale de wout, rezo elektrik yo ki nan zòn estratejik tankou Pòtoprens, Latibonit ak lòt zòn katastwòf natirèl ak vyolans ravaje. Nou p ap ka rive fè moun ak machandiz sikile nan peyi a lib e libè si nou pa fè konstrikasyon ki modèn.

#### **2. Devlopman piti, mwayenn ak gwo biznis**

Devlopman piti, mwayenn ak gwo biznis se poto mitan kwasans ekonomi peyi a. Fòk biznis sa yo jwenn akonpayman ak finansman pi fasil, sitou pou sila yo ki nan agrikilti, lapèch ak biznis twal yo. Aktivite sa yo dwe fèt san fòs kote, yon fason pou fanm ak jèn gen menm chans, pou tout moun jwenn. Fòk nou bay yon konsiderasyon espesyal pou pwojè devlopman k ap fèt nan Gran Nò ak Gran Sid.

#### **3. Modènize konstrikasyon ekonomik ak sosyal yo**

Pou nou fè tout biznis peyi a rive vann isit kou lòtbò dlo fòk nou modènize konstrikasyon ekonomik ak sosyal yo. Fòk resous yo byen itilize, san fòs kote. Pou sa fèt, se pou tout mwayen komunikasyon yo refèt pou peyi a ka fè fas kare ak konkirans entènasyonal yo.

#### **4. Fé pwosesis pou enfòmatisè sèvis Leta yo ale pi vit.**

Pwosesis pou enfòmatisè sèvis Leta yo, sitou pou enstitisyon ki la pou rantre lajan yo, dwe vanse an priyorite, sa ki ka pèmèt nou fè tout tranzaksyon ekonomik yo vin pi senp, pou sèvis Leta yo bay pi bon rezilta epi diminye posiblite pou koripsyon. N ap mete kòb nan bidjè a pou kreye platfòm enfòmatisè ak bon jan sekirite, pou sèvis leta vin otomatik ; tout sa ap fè popilasyon an jwenn pi bon sèvis kit se moun k ap fè biznis,

kit se konsomatè. Nou gen pou nou ranfòse sistèm enfòmatrik ki deja la pou jere moun k ap travay nan administrasyon Leta yo.

**5. Sistèm pou bay antrepriz kriz la frape yo jarèt**

Nou gen yon pwogram, ansanm ak Bank Santral, pou remanbre finans antrepriz kriz la frape yo, pou pèmèt yo reprann aktivite yo. N ap bay yo ankourajman pou yo enterese envesti epi kreye dyòb sitou nan sektè ki pran plis frap yo.

**6. Ranfòse koneksyon ki genyen nan sektè ki bay plis rannman yo**

Pou nou ankouraje pwodiksyon lokal la yon fason pou nou ka vann lòtbò dlo, nou dwe ranfòse koneksyon ki genyen nan sektè ki bay plis rannman yo tankou agrikilti, lapèch ak pwodui atizanal yo. Envestisman n ap fè yo dwe konsantre yo sou ogmante kapasite nou pou pwodiksyon yo bay plis rannman, pou teknik n ap itilize yo pi alamòd epi pou espas ki pou depo machandiz yo ak mwayen pou nou transpòte yo reponn pi byen.

**7. Itilize lajan Leta a san gaspiyay**

Fòk gen kontwòl serye sou jan lajan Leta a ap depanse. Jan resous yo ap separe a dwe gen konsekans sou popilasyon an kit nan sa ki pou wè ak ekonomi an, anmenmtan sou byenèt sosyete a. Nou gen pou nou bese ra planche depans ki pa twò enpòtan yo tankou lwaye Leta a ap peye bèf pou kabrit. Benefis nou sipoze jwenn yo ap finanse pwojè k ap bay bon rezilta sou popilasyon an.

**8. Replase anplwaye Leta yo nan lòt enstitisyon selon konpetans yo**

Pou Leta a bay pi bon sèvis, li nesèsè pou nou replase anplwaye Leta yo nan lòt enstitisyon selon konpetans yo. Pou leta a bay popilasyon an pi bon rezilta, pèsònèl li dwe pi byen jere.

**9. Fè Ladwan ak Diresyon Jeneral Enpo vin pi modèn**

Resèt fiskal yo dwe ogmante. Pou sa fèt, fòk Ladwan ak Diresyon Jeneral Enpo vin pi modèn. Bidjè a prevwa mete kòb pou enfòmatrize enstitisyon sa yo nan fason y ap jere tèt yo, anplwaye yo, ak yon pwogram fòmasyon pou resèt leta yo sispann fè wout kwochi epi pèmèt Leta antre plis kòb.

**10. Repare konstrikasyon ekonomik yo nan zòn ki pi enpòtan yo**

Pou nou remete pwodiksyon nasyonal la sou pye, fòk nou repare konstrikasyon ekonomik yo sitou nan zòn ki pi enpòtan yo tankou Pòtoprens ak Latibonit. Sa vle di repare wout prensipal yo, pon yo ak tout lòt mwayen kominikasyon yo.

**11. Repare konstriksyon wout andeyò yo pou agrikiltè yo gen kontak dirèk ak moun k ap achte epi vann machandiz yo**

Anpil efò pral fèt pou nou repara konstriksyon wout andeyò yo pou agrikiltè yo gen kontak dirèk ak moun k ap achte epi vann machandiz yo. Pwojè konstriksyon sa yo ap pèmèt popilasyon k ap viv nan pwovens yo pwofite tout avantaj ekonomik ki genyen epi fè kou transpò yo fin pi fèb.

**12. Bay fanm ak jèn moun sipò pou yo granmoun tèt yo**

Gen anpil demach ki pral fèt pou bay fanm ak jèn moun zouti tankou ledikasyon, konesans ak finansman. Tout sa ap ba yo plis konpetans pou chache travay e jwenn plas yo nan ekonomi peyi a.

**13. kwape zak koripsyon ak tout sa ki gen pou wè ak blanchi lajan**

Pou nou fè moun ki vle investi nan peyi a reprann konfyans fòk peyi a aliye l ak ekzijans GAFIC yo ki se yon enstitisyon k ap kontwole mouvman lajan nan Karayib la. Se pral zewo tolerans pou moun ki nan koripsyon avèk anpil refòm pou nou ranfòse enstitisyon k ap goumen kont moun k ap blanchi lajan yo

Tout enstriksyon sa yo ki gen pou wè ak remanbre ekonomi peyi a ak konstriksyon nou yo, dwe tabli bon jan baz pou ekonomi an rekòmanse ogmante ak patisipasyon tout moun, pou li rezistan epi kenbe pou lontan. Refòm solid ak gwo investisman enpòtan dwe makonnen pou ekonomi an reprann rapid vit, pandan n ap atake pwen fèb popilasyon an.

## **CHANTYE # 3 SEKIRITE ALIMANTE, SEVIS MINIMOM POU TOUT MOUN**

**Objektif : fè yon jan pou tout moun jwenn manje, dlo potab, edikasyon ak swen sante**

Pwoblèm ensekirite alimentè a ak difikilte popilasyon an pou l jwenn sèvis minimòm yo fè kriz imanità a vin pi grav. Bidjè a dwe bay yon repons ki koresponn ak nesite pou bay sekirite alimentè a jarèt, fè sistèm edikasyon ak sante yo vin pi djanm epi pou popilasyon an jwenn sèvis minimòm yo tankou dlo potab ak sèvis pwòpte nan tout peyi a. Pou sa fèt, fòk nou :

- Investi nan pwodiksyon nasyonal, k ap fè popilasyon an jwenn manje et pèmèt nou goumen kont grangou ak malnitrisyon ;
- Fè bidjè a finanse pwogram pou akonpaye ti pwodikte agrikòl yo pandan n ap fè yo jwenn, semans, angrè ak zouti epi fè yo jwenn finansman san grate tèt. Gen yon politik nou mete sou pye pou bay elèv lekòl yo manje. Dokiman sa a ap sèvi referans pou nou fè sa anmenm tan l ap pèmèt nou fè fas kare ak move kondisyon tan an, jwenn teknik pou pwodiksyon agrikòl la toujou rete djanm ;

- N ap prevwa lajan pou nou kreye magazen pou nou estoke manje prensipal yo pou nou ka prevwa lè gen rate nan epòk kriz pou pri yo pa monte bwa ;
- Bay lapèch ak elvaj pwason jarèt. Yon pati nan bidjè dwe finanse konstriksyon pou lapèch, semans ti pwason nan basen ak letan yo yon fason pou elvaj pwason yo pran jarèt epi pou popilasyon an jwenn bon jan vitamin ;
- Distribye manje. N ap chache lajan pou nou ka distribye manje premye nesosite bay moun ki plis nan bezwen yo, sitou sila yo ki oblije sove kite kay yo ak gwoup moun pwoblèm malnitrisyon manje a frape pi di.

**Pou nou konbat vye maladi epi fè popilasyon an viv tankou moun, fòk tout moun ka jwenn dlo potab ak materyèl pou fè pwòpte nan peyi a.**

- Repare konstriksyon pou distribisyon dlo potab : n ap mete kredi nan bidjè a pou nou repara konstriksyon pou distribisyon dlo potab, sitou nan zòn kriz la pi sakaje yo, kit nan pwovens kit se nan vil yo. Sa vle di tou n ap mete ponp, pui, ak tout lòt sistèm pou nou distribye dlo potab ;
- Fè pwomosyon pou pwòpte ak lasante. Bidjè a dwe prevwa mwayen pou finanse jan y ap trete dlo potab ak lapwòpte. Mezi sa yo ap pèmèt nou kontre vye maladi, anpeche yo kontamine anpil moun.

**Fè yon jan pou tout moun ka jwenn swen sante pi fasil: Youn nan pi gwo priyorite nou se fè yon jan pou tout moun jwenn swen sante pi fasil, sitou sila yo k ap viv nan kondisyon ki pi difisil yo.**

- Nap louvri tout sant sante ki te fèmen yo : n ap mete bon jan mwayen nan bidjè a pou nou repara sant sante ki p ap fonksyone yo pandan ke n ap asire nou ke medsen ak enfimyè yo kalifye epi medikaman n ap plis bezwen yo disponib ;
- Ranfòse konstriksyon nan domèn sante yo. N ap fè investisman pou nou mete lopital ak sant sante yo tou nèt sitou sa ki nan zòn pwovens yo ak nan vil ki gen anpil moun yo nan objektif pou tout moun ka jwenn swen sante minimòm pou sa ki konsène manman pitit ak ti moun ;
- N ap fòme epi anplwaye medsen ak enfimyè. N ap prevwa lajan pou pwofesyonèl la sante yo yon fason pou moun ki nan ziltik yo ka jwenn sèvis sante ;
- N ap mete sou pye yon pwogram sante mobil. N ap mete kòb pou klinik mobil ka rive jwenn popilasyon k ap viv pi lwen vil yo. Anmenm tan n ap fè vaksinasyon ak prevansyon maladi tankou kolera ak lawoujòl.

**Fè yon jan pou tout moun ka jwenn ledikasyon pi fasil: ledikasyon se poto mitan devlopman. Se li ki pèmèt kòd lonbrik nou koupe ak lamizè epi ki pèmèt popilasyon k ap vini an pi rezistan**

- Youn nan priyorite bidjè a se repara ak rebati lekòl ki pran frap yo sitou nan zòn kote lekòl sa yo sèvi pou abrite moun k ap kouri pou gang yo ;

- N ap chache lajan pou elèv lekòl ki nan kondisyon difisil yo jwenn founiti bon mache ou byen gratis pou tout moun ka gen menm chans jwenn bon ledikasyon ;
- N ap mete kòb nan bidjè a pou nou bay refòm ki te kòmanse dejà yo jarèt. N ap bay yon atansyon espesyal pou lekòl ki pa anrejistre nan sistèm nan ak lekòl pwofesyonèl yo, yon fason pou jenn gason ak jenn fanm gen plis posiblite jwenn travay ;
- N ap mete kòb nan bidjè a pou nou finanse lokal pou fòmasyon pwofesè pou yon ti bout tan yon fason pou plis timoun, sitou sa ki oblije sove kite lakay yo, kontinye jwenn ledikasyon.

**Bay moun ki nan kondisyon pi difisil yo posiblite pou yo entegre sosyete a. Gouvènman an gen yon responsablite moral pou nou bay moun ki nan kondisyon pi difisil yo posiblite pou yo entegre sosyete a.**

- N ap mete yon liy espesyal nan bidjè a pou pwoteje fanm ka sibi vyolans ak timoun y ap abize. N ap kreye sant dakèy pou resevwa viktim yo epi ba yo sipò mantal ;
- Ap gen kredi nan bidjè a pou distribye lajan bay fanmi ki nan kondisyon difisil yo pou yo ka gen mwayen pou fè fas kare ak kondisyon kriz nan peyi a ;
- Ap gen kredi nan bidjè a pou sekirite sosyal, pou asirans maladi pou moun afè pa bon yo pou pwoteje yo lè sistèm finansye a ap bay pwoblèm sitou lè gen aksidan ak maladi brid sou kou.

#### **CHANTYE # 4: KONFERANS NASYONAL, REFOM KONSTITISYON AK ELEKSYON**

**Objektif : òganize Konferans Nasyonal pou fè diskisyon sou refòm konstitisyon an epi prepare eleksyon**

Kriz politik n ap viv jounen jodi a mande pou nou panse jan n ap dirije peyi a yon lòt jan. Konferans Nasyonal la se yon espas k ap pèmèt tout aktè yo patisipe nan diskisyon sou refòm konstitisyon an ki se poto mitan preparasyon eleksyon yo. Pou pwosesis la reyisi fòk sa parèt klè kòm priyorite nan bidjè a ;

Konferans Nasyonal la dwe pèmèt tout pitit peyi a chita ansanm pou diskite sou ki fason n ap rebrase konstitisyon an pou Leta a ka jere pi byen. Bidjè a dwe prevwa tout sistèm y ap mete anplas yo pou tout aktè yo mobilize epi travay san voye wòch kache men.

Se bidjè a kap finanse konferans nasyonal la pou tout moun ka patisipe san pati pri, nan tout rakwen peyi a ansanm ak ayisyen k ap viv lòtbò dlo. Pou sa fèt, fòk nou :

- Brase lide ak tout òganizasyon nan tout rakwen peyi a, fè konferans pou tout moun patisipe ;
- Kreye espas pou diskisyon fas a fas ak sou platfòm entènèt ki fèt pou sa, itilize laprès pou mete tout moun okouran epi patisipe ;

*Q*

- Ekri dokiman epi òganize diskisyon yo nan de (2) lang ofisyèl peyi a pou tout moun ka konprann epi bay patisipasyon yo ;
- Mete lajan disponib pou pèmèt sosyete sivil la, sektè relijye, sektè prive ak patnè entènasyonal yo ka patisipe pi byen ;
- N ap bezwen patisipasyon tout mout sa yo pou refòm konstitisyon an fèt selon lalwa epi bay bon rezilta ;
- Avèk sitiyaasyon ensekirite a, fòk gen mwayen nan bidjè a pou pwoteje espas kote y ap fè reyinyon ak konferans yo. Pou sa fèt, fòk Otorite yo antann yo avèk enstitisyon ki la pou bay sekirite yo pou tout moun ka patisipe san kè sote.

**Refòm konstitisyon an pa dwe depaman ak bon jan ledikasyon pou popilasyon an sou enpòtans sa k ap fèt la. Sinon se lave men siye atè. Fòk bidjè a prevwa finanse tout demach ki gen pou wè ak kominikasyon epi enfòmasyon pou tout sitwayen konprann sa klè**

- Fòk bidjè a finanse tout pil aktivite ki gen pou wè ak enfòmasyon sou medya ki abitye fè sa kit se radyo ak televizyon, ki se medya ki sou entènèt yo. N ap fè sa pou tout moun ka jwenn aksè ak tout dokiman teknik sou refòm konstitisyon an ;
- Pou nou fè kanpay kominikasyon yo, n ap bezwen dokiman tankou depliyon, videyo epi son k ap eksplike a klè defi nou gen pou leve ak konstitisyon tou nèt la, enpòtans eleksyon yo epi ki wòl chak sitwayen gen pou yo jwe ;
- Gen yon pati nan bidjè a ki pral finanse dirèkteman kanpay enfòmasyon ak sansibilizasyon jenn fanm ak jenn gason, moun andeyò yo nou konn mete sou kote anpil fwa lè n ap pale de konstitisyon peyi a. N ap mete kredi nan bidjè a pou Ministè ayisyen kap viv lòtbò dlo yo ak Ministè afè etranjè pou yo patisipe nan aktivite sa yo san mank. Sa pral mande tou pou gen chita pale ki fèt ak elèv lekòl, inivèsite ak sant kominotè yo.

**Eleksyon k ap vini yo dwe fèt nan tout transparans ak patisipasyon tout moun, nan respè lalwa; se sa ki ap garanti yon estabilite politik pou yon bon bout tan. Fòk pwosesis pou fè eleksyon yo jwenn bon jan finansman epi fòk biwo vòt yo gen bon jan sekirite.**

Bidjè a dwe prevwa finansman pou fè Konsèy Elektoral la djanm pou li ka fè eleksyon ak transparans, san fòs kote. Sa vle di:

- Konstriksyon ak materyèl pou eleksyon yo dwe disponib nan tout peyi a, menm nan ziltik ;
- Pèsonèl ki pral okipe l de zafè eleksyon yo dwe jwenn bon fòmasyon pou yo ka byen jere biwo vòt yo nan respè tèt yo ak respè lwa sou eleksyon yo ;
- Aplike teknoloji pou evite magouy nan vòt ki gen pou fèt yo epi pou garanti transparans nan rezilta yo ;

*(Handwritten mark)*



- Fòk gen garanti sou jan kanpay enfòmasyon ak sansibilizasyon yo ap finance pou mete popilasyon an sou sa. Fòk nou fè popilasyon an konprann enpòtans patisipasyon yo antan ke sitwayen, dwa ak devwa yo genyen pou yo ka vote, sitou sila yo yo te konn mete sou kote.

**Fòk nou mete sou plas yon sistèm pou nou gen kontwòl Konferans nasyonal la ak òganizasyon eleksyon yo ki dwe gen transparans epi jwenn bon jan finansman.**

- N ap mete yon kès espesyal anplas pou finance komite ki la pou sipèvize jan konferans nasyonal la ap dewoule selon rekòmandasyon nou jwenn yo. Se reprezantan tout sektè yo ki konpoze komisyon sa a ki gen responsablite veye si refòm yo ap fèt nan tout transparans.

Refòm konstitisyon an, konferans nasyonal la ak òganizasyon eleksyon yo se pa ki pi enpòtan pou peyi a byen dirije jan lalwa mande l la. Se pou sa nou bay enstriksyon pou bidjè a gen resous pou sa epi pou yo depanse san voye wòch kache men, epi pou yo bay bon jan rezilta. Si nou vle mete baz pou yon peyi kote dwa moun respekte tout bon vre, fòk tout sosyete a sou de (2) pye militè li pou pwosesis la fèt san kachkach liben.

## **CHANTYE# 5: RESPÈ DWA MOUN AK JISTIS POU TOUT MOUN**

**Objektif: fè lajistis ak respè dwa moun vin pi djanm anmenm tan n ap goumen kont koripsyon**

Fè respè dwa moun tounen pran plas li nan peyi a, se baz pou nou fè popilasyon an reprann konfyans nan enstitisyon Leta yo epi bay garanti tout moun ka jwenn jistis san fòs kote.

- N ap rebati tribinal ak prizon pou jij yo gen bon kondisyon travay epi pou la jistis bay nan bon ti mamit epi evite moun rete nan prizon san jijman pandan anpil tan ;
- N ap bay inite k ap batay kont koripsyon ansanm ak lòt enstisyon kontwòl yo plis bourad pou nou ka gen kontwòl lajan Leta k ap fè wout kwochi epi gen bon kontwòl sou jan Leta ap jere.
- N ap ranfòse konpetans majistra ak anplwaye k ap travay nan sektè lajistis la. N ap ba yo fòmasyon pou yo jere koripsyon, krim ki fèt sou brase lajan ak respè dwa moun ;
- Fè yon jan pou popilasyon an jwenn jistis sitou pou fanm, jenn gason ak jenn fi ;
- Konstwi epi repare tribinal ak komisarya nan zòn kriz ak vyolans yo plis frape yo epi fè yon jan pou konstrikasyon disponib rapid vit ;
- Pase men nan sistèm lajistis la yon fason pou moun sispann fè anpil tan nan prizon san yo pa jije epi bay jistis tout bon vre, san fòs kote ;
- Kreye kondisyon pou nou ka akonpaye fanm ki viktim vyolans.